Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 44 (9954) 10 ноябрь 2023 с. / Рузман 27 рабигIул ахир 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

## Уважаемые сотрудники и ветераны правоохранительных органов




Поздравляем вас с профессиональным праздником!

Вы избрали главным делом своей жизни защиту справедливости, чести и достоинства человека, законности и общественного порядка.

Вы проявили и проявляете мужество, самопожертвование и героизм ради благополучия граждан.

Поздравляем вас-замечательных людей, которые стояли, стоят на страже правопорядка, кто следили и следит за неукоснительным соблюдением закона и справедливости, кто охранял и охраняет покой законопослушных граждан, и кто являлся и является грозой для преступников.

Желаем всем вам спокойных трудовых будней и отдыха, здоровья и радости, счастья, удачи во всём и везде.

Вечная память тем, кто отдал свои жизни за торжество закона и гражданский мир на родной земле.

С праздником!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов*

## Уважаемые сотрудники Казбековского ОМВД

Поздравляю вас с профессиональным праздником с Днём сотрудника полиции!

Желаю больших перспектив, карьерного роста, возможностей реализации и развития.

Пусть ваши будни будут безопасными, плечи напорников-надёжными, а сила воли и убеждений-крепкой. Здоровья, благополучия и всех благ вам!

*Депутат НС РД Мухтарпаша Умаханов*

## Уважаемые жители района!

***Редакция газеты «Чапар» информирует вас о начале подписной кампании на районную газету на 2024 год.***

***За 90 лет существования наша газета выходила под названиями «Казбекколхозчи», «Коммунист», «Чапар» и всегда была востребованной и популярной среди жителей района, так как выходила она на родном аварском языке.***

***С развитием информационно-коммуникационных технологий редакция газеты, как и все печатные издания, переживает непростые времена. Проблем много, в том числе и финансовые. Уверены, что мы вместе, как патриоты родной газеты преодолеем все препятствия и сохраним стабильный тираж. И в этом нам нужна, уважаемые читатели, ваша поддержка и, конечно, работников отделений почтовой связи, которые всегда были и остаются нашими верными помощниками в деле распространения газеты.***

***Подпишитесь на районную газету «Чапар», поддержите коллектив редакции, а мы в свою очередь, постараемся своевременно информировать вас достоверными событиями в районе, сделать газету полезной и интересной.***

***Напоминаем, что редакционная коллегия, как всегда, объявляет Конкурс на лучшую организацию подписной кампании на 2024 год, среди учреждений и организаций, а также среди отделений почтовой связи.***

***Оформить подписку можно, не выходя из дома, позвонив в редакцию газеты по номеру 89884393933 или в отделениях почтовой связи в сельских поселениях.***

***Стоимость подписки на 6 месяцев-373.08 рублей, на год-746.16 рублей.***

***Кстати, всем подписчикам газеты представляется скидка при подаче объявлений, поздравлений и рекламы.***

Редколлегия

# Активалъул данделъиялда

7 ноябралда районалъул администрациялда активалъул данделъи тIобитIана. Районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул управлениябазул, отделазул начальникал, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва росабазул бутIрул.

*цIех-рехалъ чIезабуна инсанасул гIакълуялда бараб бугин гьесул политикияб культураги. Гьединлъидал нилъеца школазда ва цогидалги лъай кьеялъул гIуцIабазда цере рехсарал гIадал лъугьа-бахъиназда гIахьаллъиялъ цIалеб рахъ бичIчIинабизе ккола. Гьеб рахъалъ районалда хIалтIи цIакъ нахъе ккараб буго. «Гургинал столал», бахIсал ва цоги-*



Жакъа районалъул активалда цере «бегIерго» чIарал суалазда хурхун тIобитIараб гьеб данделъиялъул байбихьиялда XI. Мусаевас тIадчIей гьабуна 29 октябралда МахIачхъалаялъул аэропорталда ккараб лъугьа-бахъиналда. Республикаялда гьабсагIаталда бугеб жамгIиябгун политикияб багъа-бачариялъе къиматги кьун, гьес районалъул киналниги гIуцIаби ахIана бичIчIенкьеялъул хIалтIи цIикIкIинабиялде, гIолеб гIелгун экстремизмалде данде чIеялъул тадбирал тIоритIиялде, гьарулел ишалъе диниял церехъабиги жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби цIаялде.

Гьединго, нилъеца хIалтIи гIуцIизе ккола гьединал ишал ккун хадусан гурел, гьел ккунгутIиялда тIад, ай, гьел ккелалде цебегIанаб заманалъ.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Б. Нуцаловасул рагIабазда рекъон, районалда бугеб жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал квешаб гьечIо, лъайкьеялъул ва маданияталъул гIуцIабазда тIоритIулел руго батIи-батIиял дандчIваялги тадбиралги.

Гьес абуна: *«Жакъа къоялда нилъер районалда гIумру гьабун вуго 50900 чи, гьезда гьоркьоса 31438 чи хIалтIизе кIолев вуго.*

*ХIисабкьеялъул заманалда районалда экстремизмалде ва терроризмалде халкъ ахIулеблъун рикIкIине бегьулеб цониги митинг тIобитIичIо. Амма 29 октябралда аэропорталда ккарал лъугьа-бахъиназулъ районалдаса 15 гIолохъанчи гIахьаллъиялъул хIужаялъ рахIат хвезабуна. Гьезул щугоясе административияб хIукму гьабуна.*

*2000 чи гIахьаллъараб социалияб далги гIолилазул политикияб культура борхизабулел тадбирал нилъеца гIемер тIоритIизе ккола»,-ян.*

Гьениб хал гьабуна районалъул бюджеталъул хайиралъулгун хIалтIизабиялъул бутIабазул. Гьелда хурхун, финансазул управлениялъул начальник Раип ХIажиевас абуна: *«Гьаб соналъул анцIго моцIалда жаниб планалда бихьизабун букIараб бюджет 93,1 % тIубазабун буго»*,-ян.

Гьесул кIалъаялда хурхун, XI. Мусаевас абуна: *«Регионалиял ва бакIалъул программаби тIураялъе риччарал гIарцулал сурсатал хIалтIизариялъулъ гIунгутIаби ратани, хехал тадбирал тIоритIизе ккола гьел тIагIинариялъе»*,-ян.

Нилъеда лъала гIолилал армиялде ахIиялъул хаслихъе кампания тIобитIулеб букIин. ХIисабалдеги босун районалъул бетIерас абуна: *«Армиялде гIолилал ахIиялъул кампания гIуцIиялда нухда тIобитIиялъул цIикIкIунисеб рахъал росабазул бутIрузда бараб буго. Гражданияб налъи тIубаялда сверухъ гьабулеб бичIчIенкьеялъул хIалтIи гучлъизабизе ккола. Полилал ругеб бакI лъазабизе кIолеб гьечIони, гьелда гьоркьоре ОМВД-ялъул хIалтIухъаби цIазе ккола.*

*Ахириял моцIаз нилъер районалда гIезегIанал пайда цIикIкIарал тадбирал тIоритIана. Гьезда гьоркьор-«Кавказалъул рагъуе-80 сон» тадбир ва «РакIалдещвеялъул ах» акция»*,-ян.

Данделъи ахиралде щвана XI. Мусаевас тIадехун рехсарал тадбирал тIоритIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабурал тIолазего ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабиялдалъун.

*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гьум. 2 «РакIалдещвеялъул ах» рагьана
гьум. 3 Реццалъе мустахIикъал
гьум. 4 Объявление

# Распоряжение

01.11. 2023 г. № 514

**О проведении муниципального Форума**

С целью консолидации действий юных граждан и детских общественных объединений и организаций, района направленных на практическую социальнозначимую деятельность, популяризации Общероссийского общественногосударственного движения детей и молодежи «*Движение Первых*»:

1. Провести 12 ноября 2023 года на базе МКОУ «Ленинаульская СОШ №3» муниципальный Форум Российского движения детей и молодежи «*Движение Первых*».

2. Утвердить Программу муниципального Форума (приложение 1).

3. Утвердить состав оргкомитета (приложение 2).

4. Утвердить квоту участников от образовательных организаций для участия на муниципальном Форуме (приложение3)

5. Поручить МКУ «Управление образования» (Магомаеву М.И.), Отделу по физической культуре, спорту, туризму и делам молодёжи администрации МР «Казбековский район» (Булатханову И.А.), МКУ «ЦТКНР» (Магомедову З.А.), МКУ «Отдел культуры администрации МР «Казбековский район» (Ибрагимову А.К.) оказать содействие в решении организационных вопросов по проведению муниципального Форума.

6. Контроль за исполнением настоящего распоряжения возложить на первого заместителя главы администрации МР Шабазова И.И.

***Глава Г.Г. Мусаев***

# Распоряжение

07.11. 2023 г. № 518

с. Дылым

**О проведении публичных слушаний по изменению видов разрешенного использования земельных участков**

В соответствии со ст.39 Градостроительного кодекса Российской Федерации, п.3 ч.1 ст.4 Федерального закона от 29.12. 2004 М191-ФЗ «О введении в действие Градостроительного кодекса Российской Федерации», ст.28 Федерального закона от 06.10.2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», в связи с обращением собственников земельных участков, об изменении видов разрешенного использования земельных участков, администрация МР «Казбековский район»,

**РАСПОРЯЖАЕТ:**

1. Назначить проведение публичных слушаний по вопросу изменения видов разрешенного использования следующих земельных участков:

а) Земельный участок с кадастровым номером 05:12:000008:1812. площадью 210 кв.м, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Инчха, категории земель-земли населенных пунктов, с вида разрешенного использования «личное подсобное хозяйство» на вид разрешенного использования: код 4.9.1 «объекты дорожного сервиса»;

б) Земельный участок с кадастровым номером 05:12:000001:5219, площадью 114 кв.м, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Дылым, категории земель-земли населенных пунктов, с вида разрешенного использования «личное подсобное хозяйство» на вид разрешенного использования: код 4.0 «Предпринимательство»;

2. Определить местом проведения публичных слушаний по обсуждению проекта распоряжения «об изменении видов разрешенного использования земельных участков» (далее-публичные слушания) Республика Дагестан, Казбековский район, с. Дылым, ул. Имама Шамиля 43 в актовом зале в здании администрации муниципального района, 6 декабря 2023 года в 10 часов 00 минут, приложение № 1.

3. Ознакомление заинтересованных лиц с документами, предлагаемыми к рассмотрению на публичных слушаниях, будет осуществляться посредством размещения проекта на информационном стенде администрации муниципального района и на сайте администрации муниципального района.

4. Участники публичных слушаний направляют свои предложения, замечания и рекомендации по обсуждению проекта в письменной форме по адресу: Казбековский район село Дылым, ул. Имама Шамиля 43. до 4 декабря 2023 года.

5. Контроль исполнения настоящего распоряжения возложить на заместителя главы администрации Эмеева З.Н.

***Г.Г. Мусаев,***
***глава муниципального района «Казбековский район»***

# «РакIалдещвеялъул ах» рагьана

Нижеца газеталъул цересел номераздa хъван букIана, республикаялъул бетIер С. Меликовасул бихьизабиялда рекъон, Дагъистаналъул бакI-бакIазда «РакIалдещвеялъул ахал» чIезе рукIиналъулги, гьел чIеялъе гIиллалъун щиб кколебалиги, гьелъулъ жиграб гIахьаллъи нилъер районалъ гьабулеб букIиналъулги, гьеб ах нилъер районалъул берцинал бакIазул



цоялъун кколеб «Горенжо» хIорихъ чIезе къотIи ккун бугеблъиялъулги, ах гьениб чIелалде цебе бакIалда гIезегIанаб хIалтIи гьабиялъулги, гьенир гьутIби чIезе байбихьиялъулги, хасаб къагIидаялда, гьеб ноябралъул байбихьиялда рагьизе бугеблъи лъазабиялъулги хIакъалъулги. Гьединго, гьеб киналъулго хIакъалъулъ районалъул, «Салатавия» сеталъулаб изданиялъул ва интернеталъул цогидал сайтаздаги видеороликалгун материалал лъун рукIана. Къокъгьабун абуни, тIадехун рехсараб акция, гIатIидго гIадамазда лъазабиялъе гIезегIанаб хIалтIи гьабун букIана.

Гьале, тIаде щвана «РакIалдещвеялъул ах» рагьиялъе бихьизабураб 3 ноябрь. Гьеб къоялъ республикаялъул батIи-батIиял бакIазда 14 «РакIалдещвеялъул ах» рагьана. Нилъер районалдаги гьелда хурхун кIудияб, киназулго ракIазе цIикIкIараб асар гьабураб тадбир тIобитIана. Узухъда, ах чIей тIолабго районалъе гIаммаблъун ккелелъул, гьеб рагьиялда гIахьаллъана республикаялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, Гумбет ва ЦIумада районаздаса гьалбал, районалъул администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул, диниялгун жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби, росабазул бутIрул, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул гIагарал, гьудулзаби, «Движение первых», «Юнармия» цIалдохъабазул рагъа-рачариялъул гIуцIабазул гIахьалчагIи ва цогидалги.

Тадбир рагьиялъул кIалъаялда ГI. ГIабдулмуслимовас абуна: *«РакI-ракIалъулаб баркала буго республикаялъул бетIерасе, «РакIалдещвеялъул ах» акция лъазабиялъухъ. Гьединабго баркала, гьеб акциялъул рахъги ккун, гьелда тIад хIалтIарал районалъул захIматчIагIазе. ТIолабго республикаялда лъазабураб гьеб акция ккола Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда, бахIарчиго рагъулаго, гIумруялдаса ратIалъарал ракIалдещвеялъеги гIолеб гIелалда гьел кIочонгутIиялъеги тIобитIулеблъун. Салатавиялъул ракь кидаго бечедаб букIана бахIарзабаздалъун. Гьваридго тарихалъулъе лъугьинчIого, гьелъие мисаллъун рехсезе бегьула МВД РД СОБРалъул вукIарав командир, нилъер ракьцояв, «Россиялъул БахIарчи» цIаралъе мустахIикълъарав Гуни росулъа Арзулум Ильясов. Гьаб соналъ 70 сон тIубалев вукIарав гьес тIолабго гIумру кьуна ВатIаналъе хъулухъ гьабиялъе ва гьелъул букIинесеб лъикIаблъун букIиналъе.*

*Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъги нилъер гIолохъабаз унго-унгояб бахIарчилъи бихьизабулеб буго. Гьез гьениб нилъер ВатIаналъул букIинесебги цIунулеб буго. Нилъ гьездаса чIухIаралги руго.*

*Арзулум Ильясов, Юнус Джамалов, НурмухIамад ХIажимухIамадов, МухIамад НурбагIандов ва гIемерал цогидалги бахIарзаздалъун бечедабги къуватабги буго Россия. Гьезул бахIарчилъиги гIумрудул нухги рукIина даимаб мисаллъун нилъер наслабазе»*,-ян.

Районалъул жамгIаталъул рахъалдасан кIалъазе вахъарав ХIажимурад Мусаевас гьениб абуна: *«Республикаялъул бетIер С. Меликовасе, хIукуматалъул председатель ГI. ГIабдулмуслимовасе ва гьезул нухмалъиялда хIалтIулел тIолазего ракI-ракIалъулаб баркала буго районалде гьез бусснабулеб кIвараралъухъги гьелъул социалиябгун экономикияб рахъал церетIезариялъулъ лъолеб бутIаялъухъги. Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъулел тIолалго бахIарзаллъун ккола, щай абуни, гьез цIунулеб буго нилъер ВатIаналъул букIинесеб. Нилъеда тIадаб буго СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал кIочонгутIиялъе кинабго гьабизе. Гьел тадбиразул цоялъун ккола гьаб берцинаб букIиналда «РакIалдещвеялъул ахие» къучI лъейги»*,-ян.

Гьесда хадур кIалъаял гьенир гьаруна: Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Камилпаша Гумахановас, СВОялъул гIахьалчи, полкалъул командирасул заместитель, подполковник Аюб Эльдаровас.

СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул умумузул рахъалдасан кIалъазе яхъарай ва «Улбузул къуват» жамгIияб гIуциялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул куратор Аминат Абужанатовалъ гьениб абуна: *«Нижеда лъала улкаялъе, республикаялъе, районалъе нухмалъулез СВОялъе, гьелъул гIахьалчагIазе, гьенир гIумруялдаса ратIаралгун гьезул хъизабазе кьолеб бугеб кIвар. Салам буго нижер рахъалдасан тIолалго гьаб тадбиралда гIахьаллъизе рачIаразе. Гьединго, рецц буго Аллагьасе жакъа къо бихьизе нижее рес кьуралъухъ. Биччанте гьаб ах районалъе баракатаблъунги нижер васал ва гьезул хIаракат кIочонгутIиялъе гьарулел ишазул цоялъунги букIине»*,-ян.



Ах рагьиялъулго тадбиралда гьениб эхетана рехсарал рагъухъаби кIочонгутIиялъул обелискги. Гьелда *«Падруссинаризе кIоларо, кIочене бегьуларо»*,-ян хъванги буго.

Тадбиралъул ахиралда ГI. ГIабдулмуслимовас, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазгун гIага-божараз гьенир гIечулгун генул гьутIби чIана.

Дие бокьун буго, дирго рахъалдасан цо гьадинаб пикру загьир гьабизе, цогидал гьенире щварал цIикIкIунисезулги гьединабго пикру бижиналда щаклъи гьечIо. Ах чIараб бакIалде щвараб заманалда, гьеб бакIалъул берцинлъиялъ дир реклее гIажаибаб асар гьабуна, амма гьениве аскIоберIан щведал, ва гьенир чIарал гьутIбузда, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул цIарал тIад хъварал табличкаби рихьараб мехалъ, дида магIу ккезе кIвечIо. Гьеб букIина чIагояб памятниклъун.

***Ибрагьим Идрисов***

*10 ноябрь-ОМВДялъул хIалтIухъанасул къо!*

# ОМВДялъул тарихалдаса хIужаби

***Щибаб санайил 10 ноябралда улкаялъ кIодо гьабула Жанисел ишазул гIуцIабазул хIалтIухъанасул Къо. Нилъер районалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъабазги хIалтIулъ лъикIал хIасилалгун дандчIвалеб буго гьеб махщелчилъиялъул байрам. Гьез тIуразарулел хъулухъазул аслиял масъалаби ккола гIадамазул эркенлъи, хIалхьи ва хIинкъигьечIолъи цIуни, такъсирчилъиялде, терроризмалдегун экстремизмалде данде къеркьей.***

Хъвай-хъваязда рекъон, Хасавюрталъул округалде кколеб Казбекалъул участковияб милициялъул тIоцевесев начальниклъун вуклун вуго Салатавиялъул БагIарпартизабазул отрядалъул командирлъун вукIарав Дилим росулъа Шихмирза Эсенбулатов. 1926 соналъ бандалгун ккараб тунка-хIусиялда гьев гIумруялдаса ватIалъана.

1930 соналда нилъер район гIуцIизегIан, гьелъул начальниклъун Хубаралдаса Закарияв Беркиханов вуклун вуго. 1934-1937 соназ гьенив начальниклъун хIалтIулев вукIана Новочеркасскаялда милициялъул школа лъугIарав Хубаралдаса Низамудин Атаев, амма щибго кьучI гьечIеб гIайибги гIунтIизабун, 1937 соналъ гьев туснахъ гьавула ва рагъ байбихьараб заманалда, штрафалъулаб ротаялъулъеги ккун, 1941соналъ рагъда чIвала.1938-1943 соназ гьеб хъулухъалда хIалтIула Писа Пумаровги ва ХIамид МалагIалиевги.

1944 соналдаса 1968 соналде щвезегIан, нилъер милициялъул начальниклъун хIалтIана Алмахъалдаса ГIабдулгъапур ГIабдулгъапуров. Милициялде хIалтIизе вачIиненгIан гьес хъулухъ гьабулеб буклун буго кавалериялъул полкалда. ГIабдулгъапур гIахьаллъана БакътIерхьул Украина, Белоруссия тушманасдаса эркен гьарулел рагъазулъ. Гьев ккола «БагIараб цIва» орденалъул, 5 медалалъул кавалерлъунги гIемерал грамотабазул бетIергьанчилъуни.

ГIабдулгъапурида хадув ОМВДялъул начальникаллъун рукIана Байсар ХIизбулаев (1968-1970 с.), Серго СагIидов (1970-1971с.), Къурбан Юнусов (1971-1980 с.), МухIамад Тупалиев (1980-1984с.), Руслан ГьитIинов (1984-1987с.), МухIамад Шамсудинов (1987-1992 с.) ва ХIосен ХIамзатов (1992-2008 с.).

1997 соналъ нилъер районалъул жанисел ишазул отделалда цебе гIуцIана ППСалъул батальон, гьелда гьоркьоб букIана СОГалъул ротаги. Гьеб рота РДялъул гьединалго подразделениябазда гьоркьоб бищунго лъикIазул цояблъун ккоана. СОГалъул хIалтIухъаби цо нухалда гурел гIахьаллъарал терроризмалде данде къеркьеялъе тIоритIулел операциязулъ. РОВДялъул киналго хIалтIухъабиги гьезда цадахъ нилъги чIухIизе бегьула бахIарчиял ишазул гIахьаллъарал киназдасаго.

2008-2009 соназ ОМВДялъул начальниклъун Шамил Темиргереев вукIана.

2009-2014 соназ гьеб отделалъул начальниклъун хIалтIана гьабсагIаталда районалъул бетIерлъун кколев ХIажимурад Мусаев.

2015-2022 соназ ОМВДялъул начальникасул хъулухъ тIубана ГIалхан Халидовас. 2022 соналъул январалдаса байбихьун, рехсараб отделалъул начальниклъун Юнус Хайрулаев хIалтIулев вуго.

Юнусил нухмалъиялда ОМВДялъул хIалтIухъабаз жидеда тIадкъарал ишал, кьури гьечIого тIуразарулел руго, ва гьез хIаракат бахъулеб буго «Законалъе хъулухъ гьабулаго, халкъалъе хъулухъалда вуго» абураб гьа ритIухъаллъун рукIине.

Гьединаб буго нилъер районалъул жанисел ишазул отделалъе нухмалъулезул къокъабго тарих.

# Реццалъе мустахIикъал хIалтIухъаби



**Маллаев Сахратула МухIамадрасулович**

гьавуна 1971 соналда Дилим росулъ.

ГIагараб росдал школаги лъугIизабун, 1990 соналда гьев ана ВатIаналъ тIад лъураб налъи тIубазе армиялде, гьенивги вукIана взводалъул командирасул заместительлъун. ТIадвуссана 1992 соналда.

Гьединго, гьев цIалана Нальчикалда бугеб Краснодаралъул МВДялъул университеталъул филиалалдаги.

1998 соналдаса байбихьун хIалтIулев вуго МВДялъул мухъилъ, ва гьесул ишалдехун бугеб бербалагьи бихьун, Сахратула СОГалъул командирлъун тIамула.

РакIбацIцIад гьабулеб хIалтIухъ щварал шапакъатазул бицани, Сахратулал руго 1, 2 ва 3 степеналъул *«За отличие в службе»* абураб медаль, гьединго пачалихъияб шапакъат *«ЖамгIияб хIинкъигьечIолъи цIуниялъухъ»*.

**Алтумирзаев Сатира СагIидович**



гьавуна 1982 соналда Ленинаул росулъ. ГIагараб росдал школаги лъугIизабун, 2000 соналъ гьев ана армиялде ВатIаналъ тIад лъураб борч тIубазе, ва гьенив водителасул хIалтIи тIубазабулев вукIана. 2002 соналда гIагараб росулъе тIадвуссана.

2003 соналдаса байбихьун, Сатира ОМВДялъул мухъилъе лъугьана. Жакъа къоялда гьев патрульно- постовияб хъулухъалъул хасаб батальоналъул старшина ккола.

гьеб хъулухъалдаги Сатирица живго вихьизавулев вуго ракIбацIцIадав, гьабулеб ишалде рокьи бергьарав ва гIадамалъи камилав инсанлъун. Цадахъ хIалтIулезги гьесие лъикIаб къимат кьола ва хIурмат гьабула.

**ГIумаров Рамин ГIумарович**



гьавуна 1983 соналда Буртунай росулъ.

Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев ВатIаналъе налъи тIубазе армиялде ана. Гьениса тIадвуссун хадув, цIализе лъугьана МахIачхъалаялда бугеб хасаб полициялъул школалде, ва 2002 соналъ, гьеб цIалиги лъугIизабун, районалде тIадвуссиндал, байбихьана районалде отделалда хIалтIизе ва жакъа къоялдаги гьенивго вуго.

РакIбацIцIадаб хъулухъалъулъ пачалихъалъ гьев кIодо гьавуна *«Хъулухъалъулъ бихьизабураб тIокIлъиялъухъ»* абураб медалалъул 2 ва 3 даражаяздалъун.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# Дубкиялъул цIияв бегавул

Газеталъул цересел номеразда нижеца хъван букIана Дубки посёлокалъул бетIер вищизе гьелъул депутатаз гьабураб хIукмуялъулги рищиязул ккарал хIасилазулги хIакъалъулъ.

Рищиязул комиссиялъул хIукмуялда рекъон, Дубки посёлокалъул бетIерлъун вищана районалъул Собраниялъул депутатлъун вукIарав МикагIил ДжабрагIилов.

7 ноябралда тIобитIараб районалъул активалъул данделъиялда ХI.ХI. Мусаевас абуна: *«Дица ракI-ракIалъ баркула МикагIилида Дубкиялъул бетIерлъун вищи.*

*Божи лъола гьес посёлок, район цебетIезабиялъулъ жиндаго хIалкIвараб бутIа лъезе букIиналда»*,-ян.



*Гьединго районалъул бетIерас баркала загьир гьабуна цеве гIемерал соназ посёлокалъул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялда тIад хIалтIарав ва гьелъул бетIерлъун вукIарав Пайнудин Абакаровасе. Пайнудинида бажарана посёлокалъул жамагIат цолъизабунги гьелда гьоркьор рукIарал дандеккунгутIиял тIагIинаруни»*,-ян.

Районалъул бетIерас Пайнудин баркалаялъул кагътаздалъунги ракIалдачIеялъул сайгъаталдалъунги кIодо гьавуна.

Районалъул депутатазул Собраниялъул председатель ГьирисхангГьирисхановасги, депутатазул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна ГI. Абакаровасе ракIбацIцIадаб ва гIемерсоназулаб хIалтIухъ ва цIивищарав МикагIилие ишалъулъ церетIеял гьарана.

Жиндирго иргаялда, Пайнудиница гьениб абуна: *«Дун вохарав вуго гьал соназ районалъул бетIер ХI. Мусаевгун, администрациялъул структураялъе кколел подразделениябазул начальниклъун, цоцазда ричIчIун ва цадахъ рекъон, посёлок ва район цебетIезабиялъулъ гIахьаллъизе щвеялдаса»*,-ян.

***«Салатавия» сеталъулаб издания***

*Инсан ва гIумру*

# Франциялъул мацIги магIарулайги

***«МугIалим»-гьаб рагIул гьвариаб магIна***
***МугIрузул бальголъи бугилан ккола.***
***Унгояб рокьигун гьелде вижичIев***
***МустахIикъав гьечIо гьеб рагIиялъе!***

МугIалимасул хIалтIи кидаго хасаблъун букIана. Гьеб хIалтIуда вугев махщалиласда бокьараб хъулухъалда хIалтIизе бажарулин абиги, узухъда, битIараб букIина. Хасго чидар мацIал лъималазда малъулел мугIалимзаби унгояб захIматалъул ветераналлъун ругилан абула, щайгурелъул, чидар мацI хIарпаздасан байбихьун малъизе бигьаяб иш гуро.

Гьединазда гьоркьоса ккола Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъул франциялъул мацI цIалдохъабазда мугIалим Анисат Айтемировна Айтемирова.



Анисат гьаюна 1949 соналда Казбек районалъул Гъозтала росулъ. ГIагараб росдал байбихьул школаги лъугIизабун, 1960 соналда гьей ана Каспийск шагьаралда бугеб институталде цIализе. 1967 соналда лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб университеталде къватIисел мацIазул факультеталдеги. Гьеб лъугIун хадуб, Анисат Айтемировна Буртунай росдал школалде франг ва немец мацIазул мугIалимлъун хIалтIизе йитIана.

ПедагоглъиялъулмахщалидеI971 соналда байбихьун йиго, цо къоялъ жинца бищараб нухалдаса рек1екълъунги гьечIо.

Гьений хIалтIараб 50 ялдаса цIикIкIарал соназда жаний гьелъ жийго йихьизаюна ракIбацIцIадай, лъай камилай, хIалтIуде рокьи бергьарай мугIалимлъун. ЦIалдохъабазе, гьезул улбузе ва тIадчагIазе ячIинахъего бокьана гьелъул ишалде бугеб бербалагьи. Жиндирго хIалтIиялъе гьелъ, лъималазул лъаялъул даража ва бакIалъулал хасльаби хIисалде росун, хасаб программа гIуцIана. Жив-жив цIалдохъабанасдехунги рекъараб, досул хасияталде данде кколеб гьоркьобльи чIезабуна.

Дирги, нуж щивасулго гIадин, суал баккана *«Щай гьай магIарул гIаданалъул чидар мацIалде гьадигIан бергьараб рокьи бугеб?»* - абун. Жийго Анисатидацин гьеб суалалъе жаваб кинго ва тIубанго батулеб гьечIо, гьелъ абулеб буго жибго къисматалъ ячанила жий гIумрудул гьаб нухдасан, ва гьелда божун галаби жинцаги лъунилан.

Щаклъи гьечIого, киналго халкъазда гьоркьоб бищунго берцинаб ва гIажаибаб мацIлъун рикIкIунеб буго франг мацI. *«Дир рекIел тIинанда хасаб бакI кколеб буго гьеб мацIалъ. Дие гьеб хиралъана гьадаб дирго рахьдал мацI кинигин, ва лъималазе гьеб бокьиги дида ккола дир кIудияб бергьенльи бугилан»*,-ан абула Анисатица.

Гьеб мацIалда ахIулел ва цIалулел кучIдуз, мацI бичIчIичIониги, рекIее асар гьабула ва гIенеккаразул каранда рокьул цIа бакула. ГIадаб жо гуро, гIадатай магIарулалъе, киназего гIадин, гьеб мацI бокьи, ва бокьараб гIечIого, школалда лъималазда гьеб малъизе лъугьинги.

Анисат Айтемировалъул хIалтIуе унго-унгояб къиматлъун ккола гьелъул цIалдохъаби, школалда ругелги ва, гьеб лъугIун хадубги, тIадруссун гьейгун дандчIвазе рачIунелги.

ЛъикIаб тарбия кьун, Анисатица гIезаруна жиндирго лъабабго лъимерги: кIиго васги цо ясги. Гьелги жамагIаталъе пайдаял ва реццалъе мустахIикъал гражданаллъун лъугьана.

Жийго Анисатица абулеб буго БетIергьанас жиндие гьабураб кутакалда кIудияб сайгъатлъун бугила школалда тIамурал сонал. Гьел рагIабаз бицуна, гьей унго-унгояй мугIалим йикIин.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# Прокуратура информирует...

**Прокуратурой района приняты меры в отношении лиц виновных в нарушении Федерального закона «О противодействии коррупции»**

Местная жительница, уволенная с должности главного специалиста администрации МР «*Казбековский район*» принята на должность санитар-буфетчицы в медицинскую организацию.

При этом, заключая трудовой договор с бывшим сотрудником администрации, главный врач медицинской организации в нарушение требований Федерального закона «О противодействии коррупции» и Трудового кодекса РФ о заключении трудового договора представителю нанимателя (работодателю) по последнему месту ее службы, в десятидневный срок не сообщил.

По результатам проверки прокуратурой района в адрес главного врача внесено представление об устранении нарушений законодательства о противодействии коррупции и недопущении подобного впредь, а также в отношении главного врача возбуждено дело об административном правонарушении, предусмотренном ст. 19.29 КоАП РФ, которое для рассмотрения по существу направлено в мировой суд.

***Ш.М. Магомедов, и.о. прокурора района***

# ГКУРД «Противопожарная служба республики Дагестан» напоминает

**«Осенне-зимний пожароопасный период»**

***С приближением холодов вопросы пожарной безопасности жилого сектора приобретают приоритетное значение, так как именно в квартирах и жилых домах граждан происходит большинство возгораний.***

***Причин возникновения пожаров немало, но большая часть из них возникает по вине человека. Наряду с неосторожным, а порой просто небрежным обращением с огнем, нарушением правил эксплуатации электрооборудования, детской шалостью с огнем, неисправностью печей и дымоходов, чаще всего пожары являются следствием незнания обывателя элементарных правил пожарной безопасности.***

Большое значение вопросы пожарной безопасности жилых домов приобретают с наступлением осенне-зимнего периода: нарушение правил пожарной безопасности при устройстве и эксплуатации дымоходов отопительных печей в личных домостроениях, использование электронагревательных приборов кустарного производства, эксплуатация электросети с нарушениями технических требований, нарушение пожарной безопасности газовых приборов и утечка газа, нахождение человека с открытым огнем на чердаке, в кладовых, сарае и сеновале.

Неосторожное обращение с огнем является самой распространенной причиной возникновения пожара. Несоблюдение правил пользования жилыми помещениями и невыполнение правил пожарной безопасности каждым жильцом приводит к многочисленным пожарам и человеческим жертвам. Бездумное обращение с огнем при курении, особенно в алкогольном опьянении, пользование приборами освещения с открытым пламенем, сжигание строительного мусора вблизи строений, разожженные костры, искры от которых разлетаются в разные стороны, загромождённые домашним хламом балконы и лоджии, лестничные клетки и запасные выходы- все это неосторожность, переходящая в небрежность и приводящая, как правило, к очередной трагедии.

Не менее распространенной причиной пожаров, особенно, при понижении климатической температуры, является нарушение правил пользования электробытовыми и электронагревательными приборами, неправильная эксплуатация электросети. Это не выключенные и незащищенные негорючим плафоном осветительные лампы (накаливания, люминесцентные), ветхая электропроводка и нарушенная целостность розеток, вилок и шнуров, завязанные в узлы, соединенные в скрутку и закрытые элементами сгораемой отделки электропровода, одновременно включенные в электросеть несколько мощных потребителей

Нарушение правил пожарной безопасности при установке и эксплуатации газовых приборов и пользовании газом может спровоцировать возникновению пожаров. А пожары от неисправности при устройстве и эксплуатации печей и дымоходов тоже составляют немало случаев.

Исходя из вышесказанного, напоминаем квартиросъемщикам и частным домовладельцам о выполнении правил пожарной безопасности и действиях, которые необходимо предпринять для исключения опасности возникновения пожара в жилище:

- устранить неисправности в электрохозяйстве, заменить ветхую электропроводку, приобретать для обогрева только сертифицированные электрообогревательные приборы;
- не оставлять без присмотра включенные электробытовые приборы (электрочайники, электроплиты, электрообогреватели, электрокипятильники и т.д.);
- соблюдать необходимые правила пожарной безопасности при пользовании газом и бытовыми газовыми приборами;
- при сжигании мусора не разводите костры вблизи жилых строений и хозяйственных построек;
- не оставляйте малолетних детей без надзора взрослых, исключите доступность спичек, зажигалок, легковоспламеняющихся жидкостей, присмотр подростков за отопительными приборами и топящимися печами;
- имейте в своем жилище необходимый запас первичных средств пожаротушения, постарайтесь приобрести огнетушитель, по-возможности установите пожарную сигнализацию.

***Проявим личное участие в осуществлении общественного контроля за соблюдением правил пожарной безопасности в быту и по месту работы!***

ПРИ ПОЖАРЕ ЗВОНИТЕ ПО ТЕЛЕФОНУ СОТОВОЙ СВЯЗИ **«112»- «101»**

***Т.К. Чегуев, заместитель начальника ПЧ №42***

# Эркенаб гугари

Дагьал цереГlан къояз нилъер районалда М. Гlазаевасул цlаралда бугеб ДЮСШялда тlоритlана, Дагъистаналъул халкъалъул цолъиялъул Къоялда хурхинарурал ва СВОялда гlумруялдаса ратlалъарал бахlарзал ракlалде щвезариялъул мурадалда гlуцlарал республикаялъул гlолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул къецал. Гьенир гlахьаллъана республикаялъул гlезегlанго районаздаса гlисинал гугарухъаби. Кидаго гlадин, къецал балагьаразул ва гугарулезул кутакаб гъира базабулеб къагlидаялда ана.




Хlалуцарал къецазул хlасилазда тlоцересел бакlазе мустахlикълъана гьал хадур рехсарал районаздаса речlчlухъаби:

**2007-2008 с. гьаруразда гьоркьор:**

38 кг-Салаханов Джабраил (Кумторкала)
41кг-Гlабдурахlманов Шагlбан (Гъизилюрт)
44 кг-Гlумаров Гlусман (Каякент)
48 кг-Загьидов Рамазан (Болъихъ)
52 кг-Бибиев Сулайман (Казбек)
57кг-Гlабасхlажиев Мухlамадрасул (Цlумада)
62 кг-Асирдинов Мухlамад (Казбек)
68 кг-Хlажимурадов Заур (Хасавюрт)
75 кг-Мухlамадов Гlали (Каякент)

**2010-2011 с. гьаруразда гьоркьор:**

29 кг-Хlабибов Халид (Гlахъуша)
31 кг-Дамуров Шамил (Рутул)
35 кг-Мурсалов Гlазизбег (Рутул)
38 кг-Расулов Назир (Болъихъ)
41кг-Сунгъурбеков Халид (Карабудахкент)
44 кг-Гlисаев Аlмад – (Гъизляр)
48 кг-Хlасбулаев Наби (Хасавюрт)
51 кг – Мурадханов Гlамир (Дербент)
54 кг-Сайгитов Хlажи (Казбек)

Къецазул чемпионал ва призалъул бакlал росарал мустахlикълъана кубоказе, грамотазе ва гlарцулал шапакъатазе.

Баркула киназдаго !

***Насрула Алиукъаев***

Приложение №1
к Распоряжению №518 от 07.11. 2023 г.
Администрации МР «Казбековский район»

# Объявление

с. Дылым 07.11. 2023 г.

Администрация муниципального района «Казбековский район» сообщает о проведении публичных слушаний по вопросу изменения видов разрешенного использования следующих земельных участков:

- земельный участок с кадастровым номером 05:12:000008:1812, площадью 210 кв.м, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Инчха, категории земель - земли населенных пунктов, с вида разрешенного использования «личное подсобное хозяйство» на вид разрешенного использования: код 4.9.1 «объекты дорожного сервиса»;
- земельный участок с кадастровым номером 05:12:000001:5219, площадью 114 кв.м, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Дылым, категории земель - земли населенных пунктов, с вида разрешенного использования «личное подсобное хозяйство» на вид разрешенного использования: код 4.0 «Предпринимательство»;
- гражданам, проживающим в пределах территориальной зоны, в границах которого расположены земельные участки, и иным заинтересованным лицам просим принять участие в данных публичных слушаниях. Замечания и предложения по вопросам, выносимым на публичные слушания, а также заявки на участие в публичных слушаниях принимаются в течение семи дней с момента публикации данного объявления по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Дылым, ул. Имама Шамиля 43, здание администрации МР «Казбековский район», кабинет отдела архитектуры.

Публичные слушания состоятся 8 декабря 2023 года в 10 часов 00 минут по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Дылым, ул. Имама Шамиля 43, в актовом зале в здании администрации МР «*Казбековский район*».

тел.55-48-84

**БетIерав редактор:** И.Б. Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**